



Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman***

***Yo te rapòte 34 lanmò nan tout eta a nan 19 janvyè***

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi dekri mezi debaz yo ka pran pou yo ka pwoteje yo kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asire ou rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon ki komen yo - tankou rete ajou sou vaksen yo epi pratike bon ijyèn - pou pwoteje kont Viris Respiratwa Sensityal (Respiratory Syncytial Virus, RSV), grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon pou sante pandan sezon ivè nan eta a mwa pase a.

Tou dènyèmman, Depatman Sante Eta New York la te anonse ke [varyant XBB.1.5](#) la kounye a se souch ki pi dominan nan New York, ki reprezante plis pase 50 pousan enfeksyon COVID-19 nan tout eta a. Li parèt nan yon moman kote ka COVID-19 ak grip yo wo, premye done yo endike ke XBB.1.5 la pi ka transmèt pase lòt varyant k ap sikile yo, malgre poko gen prèv klè gwo chanjman nan nivo danje oswa gravite maladi a.

Rapò siveyans grip chak semèn Depatman Sante Eta New York la pou semèn k ap fini nan 14 janvyè, montre grip la rete gaye toupatou nan eta a pandan katòzyèm semèn konsekitif, avèk yon total 300,907 ka pozitif nan tout 62 konte yo ke yo rapòte jiska prezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te bese 50 pousan,

alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te desann 52 pousan nan semèn anvan an, avèk 798 moun ki entène lopital atravè eta a.

Anplis de sa, te gen 13 epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm, ke rapò a te detèmine. Te gen de lòt lanmò pedyatrik, sa ki kite total la nan uit nan tout eta a.

Avèk sezon grip la kontinye epi enfeksyon ki rete toupatou, Gouvènè Hochul ankouraje tout Nouyòkè yo pran vaksen anyè yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. Sa pa gen lontan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

**Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 20.65**

**Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 18.16**

**Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 73,186**

**Total Pozitif - 4,036**

**Pousantaj Pozitif - 4.84%**

**Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 6.66%\*\***

**Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 3,260 (-109)**

**Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 509**

**Pasyan nan ICU - 354 (-25)**

**Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 133 (-2)**

**Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 391,435 (+566)**

**Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 34**

**Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 61,035**

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tè ki itilize tè antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tè antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tè PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tè yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

### **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 77,564**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 43,612,327**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 10,366**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 67,595**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 85.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 90.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 15.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo - 74.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 76.1%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 5.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen yo - 39.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 40.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki ajou - 3.3%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki pran tout seri vaksen yo - 7.3%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki ajou - 7.3%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 76.4%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 80.6%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 13.2%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Madi 17 janvye 2023	Mèkredi 18 janvye 2023	Jedi 19 janvye 2023
Capital Region	13.18	13.50	13.92
Central New York	14.00	13.71	13.58
Finger Lakes	10.97	10.46	10.40
Long Island	19.50	18.75	19.01
Mid-Hudson	22.44	23.34	23.07
Mohawk Valley	16.87	17.31	17.10
New York City	20.89	20.87	20.30
North Country	12.27	12.34	12.72
Southern Tier	11.69	12.41	12.34
Western New York	12.18	11.89	12.45
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>18.36</b>	<b>18.34</b>	<b>18.16</b>

Pousantaj rezilta tèz pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa\*\*:

Rejyon	Madi 17 janvye 2023	Mèkredi 18 janvye 2023	Jedi 19 janvye 2023
Capital Region	7.15%	7.36%	7.42%
Central New York	7.12%	7.25%	7.14%
Finger Lakes	6.35%	6.38%	6.23%
Long Island	6.17%	6.00%	6.07%
Mid-Hudson	6.96%	7.76%	7.18%
Mohawk Valley	8.75%	9.09%	9.26%
New York City	6.54%	6.77%	6.18%
North Country	6.27%	6.06%	6.42%
Southern Tier	6.53%	6.65%	6.69%
Western New York	11.73%	11.71%	12.09%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>6.79%</b>	<b>7.02%</b>	<b>6.66%</b>

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèz la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa \*\*:

Minisipalite nan NYC	Madi 17 janvye 2023	Mèkredi 18 janvye 2023	Jedi 19 janvye 2023
Bronx	8.19%	7.88%	7.65%
Kings	5.19%	5.93%	4.91%

New York	6.18%	6.21%	6.06%
Queens	8.01%	7.81%	7.46%
Richmond	6.83%	6.82%	6.52%

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 4,036 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,528,438. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	77,785	45
Allegany	10,694	1
Broome	57,990	40
Cattaraugus	19,069	16
Cayuga	20,151	13
Chautauqua	29,068	16
Chemung	26,379	10
Chenango	11,696	7
Clinton	22,223	17
Columbia	13,597	12
Cortland	13,146	7
Delaware	10,047	13
Dutchess	83,764	75
Erie	265,657	183
Essex	7,556	8
Franklin	11,943	8

Fulton	16,417	9
Genesee	16,416	7
Greene	10,814	5
Hamilton	1,088	-
Herkimer	17,248	13
Jefferson	26,661	22
Lewis	7,255	4
Livingston	14,224	4
Madison	16,600	12
Monroe	189,602	104
Montgomery	14,877	7
Nassau	543,580	329
Niagara	58,865	44
NYC	3,048,779	1,830
Oneida	68,272	49
Onondaga	140,907	83
Ontario	25,848	13
Orange	138,095	129
Orleans	10,407	7
Oswego	34,147	21
Otsego	13,130	13
Putnam	31,220	21
Rensselaer		18

	41,232	
Rockland	117,631	65
Saratoga	60,780	48
Schenectady	43,109	47
Schoharie	6,523	8
Schuyler	4,296	1
Seneca	7,574	6
St. Lawrence	25,991	8
Steuben	25,090	3
Suffolk	562,537	279
Sullivan	24,280	17
Tioga	13,899	2
Tompkins	26,204	12
Ulster	42,606	30
Warren	18,680	7
Washington	15,564	18
Wayne	21,653	14
Westchester	331,323	251
Wyoming	9,842	3
Yates	4,407	2

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan
--------	--------------------	---	--	--	---

	aktyèlman entène		konplikasyon COVID	rezon pou admisyon	rezon pou admisyon
Capital Region	153	92	60.1%	61	39.9%
Central New York	109	54	49.5%	55	50.5%
Finger Lakes	310	85	27.4%	225	72.6%
Long Island	568	254	44.7%	314	55.3%
Mid-Hudson	407	159	39.1%	248	60.9%
Mohawk Valley	52	26	50.0%	26	50.0%
New York City	1,386	570	41.1%	816	58.9%
North Country	54	33	61.1%	21	38.9%
Southern Tier	63	20	31.7%	43	68.3%
Western New York	158	57	36.1%	101	63.9%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>3,260</b>	<b>1,350</b>	<b>41.4%</b>	<b>1,910</b>	<b>58.6%</b>

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#).

Yè, te gen 34 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 61,035. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Chautauqua	1
Columbia	1
Erie	4
Essex	1
Kings	3
Monroe	1
Nassau	4
New York	2
Onondaga	1



Queens	6
Richmond	2
Saratoga	1
Schenectady	1
Suffolk	3
Sullivan	1
Westchester	1
<b>Montan Total</b>	<b>34</b>

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](https://www.18002320233.com) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon yo prezante konsa:

**Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a**

	<b>Moun ki pran tout seri vaksen yo</b>	<b>Moun ki ajou</b>
<b>Rejyon</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Kimilatif Total</b>
Capital Region	909,713	217,048
Central New York	616,191	141,843
Finger Lakes	829,431	228,149
Long Island	2,021,853	357,967
Mid-Hudson	1,573,878	323,517
Mohawk Valley	311,601	66,064
New York City	7,458,599	929,445
North Country	284,766	60,685

Southern Tier	419,698	101,550
Western New York	913,061	217,714
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>15,338,791</b>	<b>2,643,982</b>

#### Dòz rapèl/vaksen adisyonèl

Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo
Capital Region	813,205	3,477
Central New York	541,204	2,220
Finger Lakes	857,304	3,254
Long Island	1,839,859	6,497
Mid-Hudson	1,499,970	6,084
Mohawk Valley	276,528	1,126
New York City	4,764,769	22,468
North Country	250,925	786
Southern Tier	386,083	1,498
Western New York	881,421	3,527
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>12,111,268</b>	<b>50,937</b>

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflète kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

Yo te mete ajou done vaksinasyon yo rapòte nan piblikasyon jodi a pou enkli Nouyòkè ki "ajou" yo. Ajou reprezante kantite total moun ki te konplete tout vaksen COVID-19 yo, ki gen ladan dòz rapèl bivalan, jan sa apwopriye, dapre laj ak rekòmasyon klinik ([Kalandriye Vaksinasyon COVID-19 Nan Yon Bat Je](#)).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)